# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–24 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आवे वाले दिनन में परे वाले खास तिउहारन के देखि के प्रदेस क सड़किन के गड्ढामुक्त बनावे बदे विसेस अभियान सुरू करे क निरदेस दिहले ह। उहां के एकरे खातिर संबंधित अधिकारियन के दस अक्टूबर ले क समय दिहले हई। आजु लखनऊ में विभिन्न विभागन के साथे बइठकी करत मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस में तिउहारन पर आवाजाही सामान्य से बेसी होला। येह मौका पर बढ़हन संख्या में देसी विदेसी पर्यटक आवे लें। येह से हम सब क जिम्मेवारी हौ कि हम्मन के पर्यटकन के सुखद अनुभव बदे सड़किन क मरम्मत निम्मन गुणवत्ता के साथे कराई। मुख्यमंत्री मंत्री परिषद के निरदेस दिहले कि ऊ किसानन के सुविधा क खास धियान रखे काहे से कि ऊ सड़किन क सबसे बढ़हन उपभोक्ता हवें। गड्ढामुक्ति अभियान बदे विभागीय कार्ययोजना से अवगत करावत मुख्यमंत्री निरदेस दिहले कि सड़किन बदे बजट क कउनों कमी नइखे। येह से सज्जें विभाग ये कार क बेहतर नियोजन करें। मुख्यमंत्री बइठकी में गड्ढामुक्ति अउर नव निर्माण अभियान क जियो टैगिंग करे क निरदेसो दिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में नवगठित राज्य महिला आयोग क अध्यक्ष उपाध्यक्ष अउर सदस्यन के साथे एगो बइठकी कइलें जवना मे उहां के आयोग के गठन क उद्देश्य, दायित्व अउर अधिकारन पर चरचा करत जरूरी निरदेश दिहलें। उहां के कहलीं कि आयोग क पदाधिकारी लोगिन के अपने जनपदीय प्रवास के समय ओइजा क महिला लोगिन से संवाद करे के चाहीं अउर ओनसे ई पूछे के चाही की ओन्हे सरकार की ओरि से चलावल जा रहल योजना क लाभ मिल रहल हौ कि नाही। महिला लोगिन से मिलल प्रतिक्रिया क फीडबैक से मुख्यमंत्री कार्यालय के अवगत करावे के चाही जवना से समुचित कारवाई सुनिश्चित कइल जा सके। श्री योगी कहले कि भिक्षावृत्ति क गतिविधियन में फसल लइकन के मुक्त करा के ओन्हें मुख्यधारा में जोड़े बदे सरकार की ओरि से कोसिस कइल जा रहल हौ। येह कार्य में राज्य महिला आयोगो के प्रभावी योगदान देवे के चाहीं

**********

इलाहाबाद हाई कोर्ट सीसामऊ क पूर्व विधायक इरफान सोलंकी की ओरि से सजा के खिलाफ दायर कइल गइल अपील अउर उनकर सजा बढ़ावे क राज्य सरकार के अपील क सुनवाई टलि गइल हौ। सुनवाई का अगिला तारीख सत्ताइस सितंबर रखल गइल हौ। आगजनी अउर मारपीट कइ के महिला क मकान में कबजा करे क मामिला में कानपुर नगर क एमपी–एमएलए विशेष अदालत विधायक अउर उनके भाई के साथे पांच लोगिन के सात बरिस क सजा सुनवले हौ।

**********

इलाहाबाद हाईकोर्ट बनारस क ज्ञानवापी वुजूखाना क भारतीय पूरातत्व सर्वेक्षण से सर्वे करावे क मांग वाली पुनरीक्षण याचिका टारि दिहले हौ। अब एकर सुनवाई एक अक्टूबर के होई । कोर्ट एगो अउरियों वादी के ओरि से दायर कइल गइल अरजी प्रस्तुत करे बदे समय दिहले हौ। याची राखी सिंह सिवलिंग वाला हिस्सा छोड़ी के वुजूखाना के सरवे क मांगि हाईकोर्ट से कइले हईं।

**********

राष्ट्रीय खाद्य सुरक्षा अधिनियम की ओरि से रासन पावे बदे रासन कार्ड मे दरज सज्जों सदस्यन का आधार नम्बर लिंक करे क समय सासन स्तर पर बढ़ा दिहल गइल हौं । प्रदेस क उपभोक्ता लोगिन के आधार लिंक करे बदे इक्तीस दिसंबर दुइ हजार चौबीस ले क समय दिहल गइल हौ। खाद्य अउर रसद विभाग क अपर आयुक्त सत्यदेव प्रदेस क सज्जों जिलापूर्ति अधिकारियन के एकरे खातिर चिट्ठी जारी कइ के बतवले हवें कि आधार कार्ड लिंक करे क आखिरी तारीख तीस सितंबर निरधारित रहल। एके तीन महिन्ना खातिर बढ़ा दिहल गइल हौ।

**********

केन्द्र सरकार  देशभर के विभिन्न कोचिंग संस्थानन में संघ लोक सेवा आयोग क सिविल सेवा, भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान आ अउरियों प्रवेश परीक्षा क तइयारी बदे दाखिला ले चुकल विद्यार्थियन के एक करोड़ से बेसी रूपिया लौटावे में सुविधा प्रदान कइले हौ। उपभोक्ता कार्य विभाग बतवले हौ कि छौ सौ छप्पन से बेसी विद्यार्थी राष्ट्रीय उपभोक्ता हेल्पलाइन–ओन्इस पन्द्रह पर आपन सिकाइत दरज कइ के कोचिंग केन्द्र अउर नीति संस्थानन से आपन धनरासि लौटावे क मांगि कइले रहले। ऐहमन से ज्यादातर सिकाइत छात्र कोचिंग संस्थानन के खिलाफ गलत वादा करे, पाठयक्रम के रद्द करे अउर नामांकन सुल्क वापिस नाही कइले से संबंधित रहल।

**********

राष्ट्रीय तम्बाकू नियंत्रण कार्यक्रम की ओरि से आजु बनारस में तम्बाकू मुक्त युवा अभियान क सुरूआत कइल गइल। जिला के एसवीएम राजकीय चिकित्सालय से येह अभियान क सुरूआत भइल। येह मौका पर वाराणसी कैंट विधायक सौरभ श्रीवास्तव तम्बाकू सेवन क रोकधाम अउर प्रचार प्रसार बदे जागरूकता वाहन के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। ई अभियान दुइ महिन्ना ले चलावल जाई। रायबरेलियों में तम्बाकू मुक्त युवा अभियान क सुरूआत भइल। येह बिच्चे लोगिन के तम्बाकू के खिलाफ जागरूकता फइलावे अउर नवजवानन के स्वस्थ जीवन अपनावे बदे प्रेरित कइल गइल।

**********